

AWAL kedatangan bocah seumur lima tahun yang gundul, imut, lucu, dan menjengkelkan itu ketika aku memasang lowongan kerja di LinkedIn dan Facebook. Saya agak ragu dia manusia atau bukan. Tubuhnya tak lebih dari sembilan puluh senti. Walaupun wajahnya terlihat dewasa, tetapi ada yang membuat saya ingin tertawa. Keliling matanya seolah dipoles-poles lipstik ungu. Bisa jadi, itu kelakuan ibunya karena ia masih sering ngompol di kasur atau kerap mengambil uang kembalian beli sayur di bawah kasur.

“Kamu beneran mau kerja di sini?”

“Siap, Pak.”

“Saya butuh tukang bersih-bersih dan mengutamakan kerapian. OB di kantor saya baru saja meninggal. Beliau karyawan yang sangat kami sayangi. Apa pun mau dikerjakan. Tak pernah mengehul.”

“Siap, Pak.”

“Pengalaman kerja?”

“Bobol rumah Pak Wahid yang selalu bikin onar di kampung. Terus nyolong duit Haji Daim yang pelit. Selama ini saya selalu menjalankan misi dengan baik, Pak. Selalu berhasil.”

“Saya butuh petugas kebersihan, bukan pekerjaan yang seperti itu.”

“Ayolah, Pak. Saya bisa kerja apa pun di sini.”

Bulat mata bocah di depannya tetiba merah serupa tomat busuk. Aku mendeham. Muka memelas memang alat untuk memperdayai saat sesi wawancara.

“Kamu tidak nyari saja perusahaan lain yang sesuai pengalamanmu?”


“Tidak ada, Pak. Sudah banyak yang ngisi.”

“Siapa?”

“Manusia.”

“Kamu bukan manusia?”

“Di semesta ini ada tiga



ILUSTRASI JOS

makhuk ciptaan Tuhan yang ditetapkan dalam kitab suci. Malaikat, manusia, jin dan setan. Saya juga tak tahu masuk golongan mana. Sejak saya dilahirkan, naluri saya bekerja untuk mencuri. Itu saja.”

“Saya tak terima jika kamu menyamaratakan jika semua manusia suka mencuri. Tidak semuanya.”

“Tidak semua, tetapi mayoritas.”

Aku memalingkan muka. Jengkel. Lalu melihat jendela kantor di samping sudah sangat berdebu sejak Pak Dar mati.

“Jadi kapan siap bekerja?”

“Kapan pun. Namun, sebelum teken kontrak saya minta dua hal, Pak.”

“Apa?”

“Pertama, saya tak mau disuruh mencuri di bank. Saya tak mau saat mencuri nanti harus mengembalikan uang itu beserta bunganya. Dua, saya tak mau mengambil uang tukang korupsi. Yang benar saja, mereka ambil uang rakyat, saya ambil, saya kembalikan lagi ke rakyat. Kerjaan sia-sia. Lucu.”

Aku memijit jidat dengan jempol. Susah. Naluri calon karyawan di depanku ini ‘mencuri’, bukan tentang ‘kebersihan’. Masih kucari cara mengusirnya secara halus.

“Pah, Pahhh ... bangun! Tetangga gempar tuh. CCTV ada yang *‘nangkep’* penampakan tuyul. Di rumah Pak Haji Rungkat.” Istriku menggoyang badan, membangunkan. Dalam geragap tubuh dan jiwa yang mencoba sadar, aku membalas ketus.

“Mana ada tuyul zaman sekarang, Ma.”

“Sudah ah, Mama mau lihat ke sana. Ini berkas kemarin yang harus kamu bawa kalau berangkat.”

Aku mengangguk. Membuka tumpukan berkas dalam stop-map paling atas setelah duduk di tepi ranjang. Di sana, dalam daftar riwayat hidup, di pojok bawah paling kanan, begitu kagetnya kuteemukan nama Tuyul Imut beserta tanda tangannya. □♦

**) Dody Widianto. Lahir di Surabaya. Karyanya tersebar di berbagai media massa nasional.*

Oase

Moehammad Abdoe

DONGENG MASA LALU

/Selepas Tapa Brata Ibu Para Asura/

Hari ketika dunia sebelum berakhir
Adakah Indra melihat lagi Edelweiss
Mengembang di puncak Semeru
Usai Diti mengutuk serapah:
Demi anak-anak Detya yang dibunuh
Para Asura itu, darahnya beku
Menjadi dendam pekat abadi
Yang mengakar di kaki gunung itu
Keturunan Diti dengan Resi Kasyapa
Menjadi aneka-ragam suku
Yang menguasai kuil-kuil buddhis dan candi
Nusantara

/Kelahiran Marut dan Pupusnya Dendam Ibu Para Asura/

Jantung meledak mengejat
Telah lahir Marut bayi petaka
Auranya gelap terjerat

“Segala yang berbentuk tidak kekal adanya
Bersifat timbul tenggelam
Setelah timbul akan hancur dan lenyap
Setiap bahagia akan timbul setelah gelisah itu lenyap”

Indra kemudian singgah di kerajaan Kuru
Ke Kota Hastinapura bersama gajah putih dan anjingnya
Menyusuri daratan sepanjang sungai Amarta
Menjalani keabadian baru di samudra susu

/Masa Kejayaan Raja Bengis di Suralaya/

Sepanjang bait sungai melagu
Ayat-ayat setan mengalir melalui mulut
Nahusa telah berkuasa di kerajaan Indra
Menumpahkan darah sebagian para abdi
Prajurit liar kerajaan yang menolak patuh

Tetapi, mengapa dengan Suja?
Berani

Raja-raja berkuasa atas segala
Nafsu angkara

/Begawan Wrehaspati/

Sehijau malam daun tanjung
la masih terduduk dalam semadinya mencari Indra:
Membelah laut, gunung, padang pasir, dan gua
(Malang, 21 Januari 2023)

BERGURU KEPADA NABI MUSA

bila rindu telah berserah diri
waktu hanyalah ruang yang hampa
namun bila rindu telah menggebu
akankah jarum jua dapat menemukan bukti

seperti di pundak Gunung Sinai itu
kaki Musa pernah terkilir hingga pingsan
mengakui, bahwa tiada yang lebih berat
selain daripada rindunya kepada kekasih

dan Muhammad pun mendapat perintah
hendaklah mudah jalannya menemui
berulang-ulang, hingga ia tersipu malu
melepas kepak rindunya ke bumi
(Malang, 27 Maret 2023)

MIZAN

hari selepas hujan redah
bulu mata perlahan semakin memanas
mengintip di balik rerimbun daun purba

pelepah bawah luruh, sekalian hidup akan gugur
mengarungi laut sedalam lagu
menyanyikan sajak rembulan dan anggur

namun hari sebelum mizan digelar
adapun ribuan anak panah pengantar doa
lidahnya kaku berkelang getar
(Malang, 7 April 2023)

METAMORFOSIS

Matahari menyala
Telaga jemih mengalir
Memanjang sungai ricik

Di pinggirnya tampak bunga yang mekar
Seperti kedua wajah itu, tertulis
: Tubuh siapakah ini gerangan

Lahir sempat menjadi anak kehidupan
Hilang bentuk dalam kabut
Sebelum ajal menjemput

: Sebentar dulu
(Malang, 21 April 2023)

**) Moehammad Abdoe, lahir di Malang, pelopor komunitas Pemuda Desa Merdeka, pengamat film, sejarah, serta menulis puisi dan cerpen yang dimuat di berbagai surat kabar maupun majalah nasional.*

MEKAR SARI

”**W**OOOALAH, nek ngene iki carane aku bisa kebak uwan tenan sirahel” cluluke Indri karo gedrug- gedrug sikil. Kancane padha noleh bareng kaya diabani. Retno banjur takon.

“Lha biyasane sirahhe kebak apa ta, Ndri? Tuma? Apa sindap?” pitakone rada sembranan. Sing ditakoni njaprut. Indri paham yen kanca siji iki pancen seneng nyembranani dheweke.

“Whooo lha kowe Ret, anakmu mung siji, nek telu kaya aku iki jal piye?” panggresulane Indri.

“Le duwe anak telu wis kit wingenane kok le uwanen lagi saiki hik ... hik...” Retno ngguyu.

Kepekas Indri mesem senajan katon kecut eseme. Kepara kecute ngungkuli cuka sing dipajang ana ing mejane pak Man, bakul bakso ing kantin sekolah iki. Para wali murid padha ngadeg sedyu jumangkah mlaku metu ruwangan rapat. Indri malah lungguh maneh ora sida metu.

Parkiran sekolahan kebak wali murid kang bubar rapat. Suwasanane ketara umyeg kaya pasar tumawon. Ana saperangan wali murid kang sajak kangsenan karo kancane. Ana sing padha ayon-ayon mampir blanja. Ana uga sing gumuyu latah embuh apa sing padha lagi dirembug.

Mbaka siji sepedha motor ing parkiran iki metu irit-iritan kaya semut kang baris ing tembok. Indri lagi wae tumuju ing parkiran. Dheweke metu saka ruwangan rapat lon-lonan. Lakune mung glyak-glyak. Panyawange semu kopong. Ulate mentil kacang. Retno sing tanggane cedhak wis nunggu ana ing parkiran. Dheweke metu dhisik dhewe amarga kebelel nguyuh.

“Rasah dipikir, wong nek miung dipikir thok ya ora rampung kok Nyah,” cluluke Retno. Indri mung noleh karo nyanthelake tas ana ing sepedha motore. Saiki parkiran wis sela, dadi wong loro iku gampang olehe metu. Najan ora ana wangsulan saka Indri, Retno tetep tutwuri lakune Indri.

Ujug-ujug Retno ngunekake klakson ping bola-bali. Indri nyawang saka spion. Katon Retno tangane ngawe-awe. Tangane Indri alon-alon nekem rem karo nggeser knop reteng ngiwa. Sepedha motor mandheg. Retno nuding-nuding ngener warung bakso. Indri muter setang sepedha motore. Tekan nggone nuli bebarengan mlebu warung bakso.

“Ayo maem dhisik, baksone kene lewih yes tinimbang nggone Pak Man kantin sekolahan kae,” cluluke Retno karo mapan lungguh. Indri ora mangsuli. Dheweke mapan lungguh jejer. Retno wis apal karo menu kesenengane Indri. Dheweke banjur pesen bakso loro es jeruk siji, es buwah siji. Karo ngenteni pesenane, Retno njupuk krupuk loro, siji diulungake Indri. Krupuk ditampani, banjur dileleti sambel.

“Aku kudu piye ya, Ret?” cluluke Indri karo

mangan krupuk. Retno unjal ambegan.

“Lha awakmu mau ki ngapa kok suwi ora ndang metu? Matur kepalane apa waline?” pitakone Retno.

“Ya kabeh, Ret. Wong ijih neng ruwang rapat kabeh kok ... hehhhh,” semauire Indri karo nggresula.

“Rembugan bab apa?” Retno pancen durung ngerti bab kang ngebaki pikirane tanggane siji iki. Mulane mau ana ing parkiran dheweke wani sembranan.

Indri wis katon rada andhok pikire sawise nyruput es buwah kesenengane. Retno ngenteni bacute crita kang bakal diwedharake tanggane iki. Indri banjur ngojahake anggone matur marang kepala sekolah lan walikelas anake.

Wisudha

Cerkak: Ngatilah

ILUSTRASI JOS

Indri darbe panyuwun supaya sekolah Taman Kanak-kanak iki ora usah nganakake wisudha. Miturut Indri, wisudha iku biyen mung kanggo sing wis rampung kuliyah. Geneya kok kerik-keri iki meh kabeh tataran sekolah nganggo wisudha. Wiwit TK, SD, SMP, SMA. Ora ngemungake sekolah sing mapan ana ing kutha. Ngendi-endi mrajak kaya jamur ing mangsa rendheng. Wisudha, wisudha, wisudha.

Sejatine tradhisi wisudha ing tataran sekolah-sekolah dianakake wis rada sauntara. Wiwitane pancen katon nambahi semarak. Murid lanang padha katon tambah gagah, sing wadon tambah ayu. Krana sandhangan pancen beda. Umume padha nganggo sandhangan tradhisional. Ana kang nganggo surjan komplit, ana kang nganggo beskap komplit. Dene sing wadon nganggo kebaya komplit.

Kanggone murid wadon, ora mung cukup nganggo sandhangan kebaya komplit. Ananging

uga dandan kang becik. Dene biyasane dandan kang becik iku jujugane ana ing salon. Bab iki kang njalari prabeyane dadi akeh.

“Ya kuwi Ret, sing ndadekake sirahku mumet, saka rumangsaku anak nomer siji karo nomer loro let telung tahun, lha ya ora cedhak banget, ta? Banjur sing nomer loro karo nomer telu let limang tahun. Lha genah saiki, sing nomer siji umur limalas tahun lulus SMP arep wisudha. Sing nomer loro umur rolas tahun lulus SD arep wisudha. Banjur sik nomer telu umur pitung tahun lulus TK arep wisudha. Bocah telu wisudha kabeh. Biyen sik nomer siji, nalika kelas enem tau wisudha ora krasa abot wong bocah lanang.” Indri kojah amba dawa.

“Iya ya Ndri, lha saiki sing nomer loro kelas enem wedok, sing ragil TK ya wedok, lha sing loro iki ragade rada methuthuk, ndadak nganggo mlebu salon barang ya?” Retno melu njlentrehake kang dadi reridhu atine tanggane.

Tangane Retno ngelus-elus pundhake Indri. Dheweke melu ngrasakake susahhe Indri. Dumadakan pesenan bakso wis teka. Retno age nampani. Mangkok sijine digeret dipenerake Indri.

“Lha mau piye tumanggape pehak sekolah?” Retno ndhesek pitakon.

“Ya apik, jare kudune aku mau usulane neng nggon rapat. Lha yen wis padha disetujoni kaya iki mau jare ora wani ngowahi. Ya pancen aku sing salah. Usul kok ana mburi. Kudune ana ing rapat. Lha aku mau arep usul iku atiku kalah karo getere jantung lan pikiranku. Matakun kaya wis weruh dhuwit abang-abang sadhompot sing ngece aku. Dhuwit abang sing ngajak aku kudu mlebu ing sewan klambi telung setel, lan kudu nglebokake ing salon bocah loro. Iki sing marahi sirahku banjur kebak uwan!” Indri nyambung kojahe.

Retno bisane mung manthuk-manthuk. Sabanjure wis rampungan, Retno banjur mbayari. Wong loro ngadeg banjur jumangkah metu. Ujug-ujug keprungu suwara ban mobil mbledhos disusul suwara kemrosak. Wong-wong padha mlayu salang tunjang marani penere suwara. Jebul ana mobil trek bane mbledhos banjur ngglimpang njegur jurang. Endhog saktrek remuk kabeh. Sopir lan keneke isih ana ing njero mobil. Indri sanalika ngekep Retno.

“Ya Allah ya ampun Gusti, Retnooo! Nitik bak trek sik mburi iku kaya mobile bojomu ya?” Indri awake ndrodhog. Retno ngipatake kekepane Indri. Dheweke ngangseg maju miyak wong akeh sing kemruyuk.

“Innalillahi.....Allahu akbar! Mas Bayuuuuuu!” Retno njerit banjur ambruk nglumpruk ditulungi wong akeh. □♦

Pereng Kembang, 16 Juni 2023.

MACAPATAN

Ki Sugeng Subagya

NGANCIK AKBAR II TAMANSISWA (Pangkur)

- Hamengeti ambil warsa, Tamansiswa kang kaping satus siji, Hanggayuh panjangka luhur, Nandur jiwa merdika, Nusa bangsa raharja adil lan makmur, Ayem tentrem sentosa, Sentosa lair lan batin.
- Ngepasi katiti surya, Sangalas kalih likur tiga Juli, Parepatan para jumbuh, Murwakani panjangka, Madhep mantep lepas pangreh saking bendu, Rinegem lan jinajah, Dening bangsa mbenganani.
- Dununge urip merdika, Papanipun amung jiwane sayekti, Lepas pangreh durung cukup, Tanpa ginatra jiwa, Pamulangan ingkang kinarya hamengku, Suwardi kang tinanggenah, Nggegulang putra lan putri.
- Nuwuhke jiwa merdika, Tamansiswa kapiji murwakani, Nggulawenthah mulang wuruk, Mandhiri lan makarya, Sudi apa pinarentah dipuntlikung, Nadyan urip rekasa, Jejeg mandhireng pribadi.
- Indonesia wis merdika, Emanipun ana watak nyangkrahi, Seneng pinarentah tuhu, Urip gumantung liyan, Mblubud climut cethil cluthak kesed mlincur, Mbrekunung lawan brangasan, Ndableg lamun dituturi.
- Dereng purna kridhanira, Tamansiswa ngancik ing abad kalih, Tigalikir kalih ewu, Saya kathah ginarap, Dados beteng lan tamenging bangsanipun, Saking pangarah ambubrah, Pangarahe darubeksi.
- Dirga yuswa Tamansiswa, Mugi Gusti inugraha mberkahi, Rahayu hayu sempulur, Hanyangkul jejibahan, Nuwuhake jiwa merdika satuhu, Katraju traju sanyata, Ngantos mangkih jaman akhir.

Janti, 17 Juni 2023.